

PRANATACARA 1

Assalamu'alaikum Wr. Wb.

Para sesepuh, pinisepuh ingkang tuhu kinabekten. Dhumateng panjenangnipun Bapa Heru Susanto, S.H. minangka calon kadang besan dalasan keluarga. Saha dhumateng para rawuh kakung sumawana putri ingkang dhahat kinurmatan.

Langkung rumiyin sumangga tansah kula dherekaken manengku puja dalah puji syukur wonten ngayunan dalem Allah SWT ingkang sampun paring rahmat saha nikmat tuwin kekiyatan, satemah panjenengan lan kula wonten ing wekdal menika tasih saget kempal manunggal nyawiji wonten ing menika papan kanthi ginanjar karaharjan. Shalawat saha salam mugi katetepna dhumateng Nabi Agung Muhammad SAW ingkang tansah panjenengan lan kula antu-antu menggah barakah syafa'atipun wiwit gesang wonten ing alam dunya dumugi ing alam akhirat.

Sagung para tamu ingkang dhahat kinurmatan, mugi linepatna ing deduka, tinebihna ing salwiring sesendu. Kalilalana, kula matur wonten ing ngarsa panjenengan sedaya, satemah nggempil kamardikan panjenengan sawetawis ingkang nembe eca sekeca nggenya wawan sabda. Mradapa awit keparengipun panjenenganipun bapa Anton Firdaus, MA. minangka hamengku gati, kinen nderekaken lampahing adicara wonten ing wekdal menika.

Namung, saderengipun bokbilih samangkih kathah kalepatan anggenipun nderekaken lampahing adicara, kula tansah nyadhong lumunturing sih samudra pangaksama. Salajengipun badhe kaaturaken menggah urut reroncening adicara ingkang badhe anggregani wonten ing wekdal menika. Nun inggih adicara ingkang sepisan pambuka. Kalajengaken adicara angka kalih nun inggih atur pambagyo harja saking keluarga bapa Anton Firdaus, MA. minangka hamengku gati. Tumapaking adicara angka tiga nun inggih wedharing pangandikan saking keluarga Bapa Heru Susanto, S.H. minangka calon kadang besan. Adicara angka sekawan nun inggih atur panampi saking panjenenganipun keluarga bapa Anton Firdaus, MA. minangka hamengku gati. Sasampunipun, sumene saha pirembagan mirunggan, titilaksana adicara ingkang pungkasan nun inggih panutup.

Mekaten menggah urut reroncening adicara ingkang badhe anggregani wonten ing wekdal menika. Rehning sedayanipun sampun samekta ing gati, pramila adicara tumuli badhe kawiwitan. Sumangga kapurwakan kanthi kula dherekaken maos Basmallah sesarengan, Bismillahirrahmanirrahim. Maturnuwun. Mugia adicara menika saged lumampah kanthi rancag wiwit purwa, madya, ngantos dumugi ing wasana.

Sagung para rawuh ingkang sinugata pakurmatan, adicara angka kalih nun inggih atur pambagyaharja saking keluarga hamengku gati. Pramila dumateng Bapa Suryono minangka



duta wicara, kasumanggaaken. Mekaten wijiling pangandikan saking panjenenganipun bapa Anton Firdaus, MA minangka hamengku gati lumantar duta wicara. Pramila ngaturaken agunging panuwun ingkang tanpa pepindhan.

Dungkap ing titilaksana adicara angka tiga nun inggih babaring sabda saking panjenenganipun Bapa Heru Susanto, S.H. minangka calon kadang besan. Pramila dumateng Bapa Hasan Kiswoko minangka duta caraka ingkang minangka sulih sarira, sumangga.

Kados sampun terang terwaca wedharing pangandikan saking Bapa Heru Susanto, S.H. calon kadang besan lumantar duta caraka. Pramila tumuli badhe tinanggapan dening panjenenganipun bapa Anton Firdaus, MA minangka hamengku gati lumantar Bapa Suryono minangka duta wicara murih saget atur wangsulan ingkang gumatok. Dhumateng panjenenganipun Bapa Suryono minangka duta wicara, sumangga.

Mekaten atur panampi saking panjenenganipun bapa Anton Firdaus, MA minangka hamengku gati lumantar duta wicara, ingkang kula pitados saestu damel suka birawaning penggalih panjenenganipun Bapa Heru Susanto, S.H. minangka calon kadang besan, langkung-langkung Dimas Bagus Sertu Rayhan Andrean minangka calon manten kakung, ingkang Insya Allah badhe kasembadan gegayuhanipun anggarwa Nimas Ayu Rita Hapsari, S.Pd. minangka calon manten putri. Kula ndherek memuji mugi Allah ingkang Maha Kawasa ngijabahi sedya tama panjenengan saged kasembadan kalis ing rubeda.

Para rawuh kakung saha putri ingkang dahat kinormatan, rehning sampun wonten manunggaling rembag ingkang gumatok, pramila sinambi hanglajengaken pirembagan mirunggan, sumangga kepareng kula dherekaken tumuju ing panti bujana, kepareng angrahabi pasugatan ingkang sampun sumedya kanthi mardu mardikaning penggalih.

Para sesepuh, pinisepuh saha para rawuh kakung sumawana putri ingkang tuhu kinormatan, sampun wonten sasmita bilih gatineng adicara wonten ing wekdal menika sampun dumugi ing paripurna. Pramila bokbilih anggen kula ndherekaken adicara wiwit purwa, madya, dumugi ing wasana wonten kekiranganipun, saestu kula nyuwun lumunturing sih samudra pangaksama. Sumangga pepanggihan wonten ing wekdal menika hamungkasi kanthi memuji wonten ngarsa Gusti ingkang Maha Mirah kanti maos hamdalah sesarengan. Alhamdulillahirabbil 'Alamin.

Pungkasaning atur, wabillahi taufiq wal hidayah, Wassalamu'alaikum Wr. Wb.

Wangsulana pitakenan punika adhedhasar teks pranatacara kasebat kanthi trep!

1. Adhedhasar ancasipun, pranatacara kasebat kalebet pranatacara punapa?
2. Andharna pawadanmu, kenging menapa kalebet pranatacara kasebat?



PRANATACARA 2

Assalamu'alaikum Wr. Wb.

Kawilujengan miwah katentreman mugè tansah kajiwa kasarira déning kula lan panjenengan sadaya sinartan berkah saha rahmatipun Gusti Allah.

Innalillahi wa inna ilaihi raji'un

Sampun tinimbalan marak sowan wonten ngarsa dalem Gusti Allah Ingkang Murba ing Gesang Almarhum/ah (namanipun ingkang séda), rikala (wancinipun séda) ingkang puput yuswa (yuswanipun ingkang séda) kanthi tentrem.

Agunging puji pangalembana namung konjuk wonten Ngarsa Dalem Gusti Allah SWT ingkang amurba amisésa sadaya titah sajagad raya, inggih awit sih wilasanipun kula lan panjenengan sadaya saged lenggah saha pepanggihan ing sasana punika saperlu asung béla sungkawa dhateng bapak/ibu (naming kulawarga ingkang katilar) sakulawarga awit sédanipun almarhum/ah (namanipun ingkang séda).

Nuwun,

Dhumateng para pinisepuh, sesepuh dalasan aji sepuh ingkang anggung amastuti dhateng pepoyaning kautamèn, Para satriya pangemban pangembating praja ingkang minangka pandam pandom saha pepanutaning para kawula dasih kaswasih ingkang pantes sinudarsana, Para alim ulama ingkang datan kendhat tansah ngudi rèh ing panembah dhumateng Gusti Ingkang Maha Mirah, Sumrambah dhumateng para Muta'ziin miwah muta'ziah ingkang saèstu luhuring budi. Langkung rumiyin mugè keparenga panjenengan sadaya kersaa paring sèwu agunging pangaksami dhateng dhiri pribadi kula déné sampun kumawani njejer wonten ngarsa panjenengan sami, saha anigas wacana pangandikan panjenengan sadaya. Inggih awit mundhi dhawuh saha keparengipun kulawarga ingkang katembèn nandhang duhkita, kula kadhawuhan ndhèrèkaken lumaksitaning adicara upacara pangrukti saha pametaking layon almarhum/ah (namanipun ingkang séda) wonten ing titi kalenggahan punika.

Para asung béla sungkawa kakung miwah putri ingkang kinormatan, mugè keparenga kula maosaken menggah rantamaning adicara upacara pangrukti saha pametaking layon almarhum (namanipun ingkang séda) ingkang sampun rinantam déning para paramparaning kulawarga (nama kulawarga duhkita) ingkang ing mangké badhé katindakaken.

Sepisan pambuka, kalajengaken acara ingkang angka kalih nuwun inggih waosan Pustaka suci Al Qur'an ingkang ing mangké badhé katindakaken déning (namanipun ingkang maos). Saperipun namanipun waosan pustaka Suci Al Qur'an ing mangké kulawarga duhkita badhé ngaturaken pambagyaharja dhumateng para-para asung béla sungkawa, ingkang ing mangké badhé dipunsalirani déning (namanipun ingkang nyalirani).





Acara ingkang kaping sekawan inggih punika atur béla sungkawa saha panglipur saking para-para asung béla sungkawa tumanduk dhumateng kulawarga duhkita, ingkang ing mangké badhé dipunsalirani déning panjenenganipun (namanipun ingkang nyalirani).

Acara ingkang kaping gangsal nuwun inggih upacara bidhaling layon saking dalem duhkita tumuju dhateng sasana laya (namanipun makam) ingkang ing mangké badhé kapratitisaken déning panjenenganipun (Ro'is). Kanthi paripurnanipun upacara bidhaling layon mracihnani kalamun adicara upacara pangrukti saha pametaking layon punika ing mangké ugi paripurna.

Para rawuh asung béla sungkawa kakung miwah putri ingkang satuhu luhuring budi makaten menggah rantamaning acara upacara pangrukti saha pametaking layonipun almarhum/ah (namanipun ingkang séda).

Murih adicara upacara punika wiwit purwa madya ngantos dumugining wasana saged lumampah widada nir ing sambékala

Saking kula pribadi temtu kémawon kathah kekiranganipun, saé saking pangrakiting ukara punapa malih suba sita, jer kula namung titah sawantah ingkang tebih saking kasampurnan. Pramila mugi keparenga panjenengan sadaya kersa paring samodraning pangaksama dhateng dhiri pribadi kula. Pungkasaning atur kula,

Wassalamu'alaikum Wr.Wb.

Wangsulana pitakenan punika adhedhasar teks pranatacara kasebat kanthi trep!

1. Adhedhasar ancaspun, pranatacara kasebat kalebet pranatacara punapa?
2. Andharna pawadanmu, kenging menapa kalebet pranatacara kasebat?

